



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 25 MILYON DOLA KI DISPONIB POU PWOJÈ
MODÈNIZASYON AK RANFÒSMAN SEKIRITE AYEWOPO YO**

Finansman an ap amelyore konpetitivite ekonomik kominote yo atravè New York

Pwogram nan bay sipò ki enpòan pou devlopman biznis yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gen 25 milyon dola finansman Eta a ki disponib kounye a pou sipòte amelyorasyon sekirite, modènizasyon operasyon yo, ankouraje rezistans anviwònmanal, epi amelyore konpetitivite ekonomik ayewopò rejyonal piblik Eta yo. Finansman an, ki disponib atravè Pwogram Sibvansyon Kapital Transpò Ayeryen AIR NY la (AIR NY Aviation Capital Grant Program), se yon pati nan angajman istorik Eta New York pou sipòte ayopò atravè eta a, ki sèvi kòm pòtay nan kominote yo epi ki se motè pou kwasans ekonomik ak pwosperite.

"Ayopò yo se zouti ki endispansab ki ede kominote lokal yo akeyi vizitè yo epi jenere nouvo opòtinite pou kwasans ak envestisman ekonomik," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo finansman sa disponib apati pwogram AIR NY k ap ede ayopò lokal nou yo bay eksperyans ki efikas, san tèt chaje pou rezidan ak vizitè yo menm jan epi fè travayè yo vle retounen nan Eta New York ankò."

Pwogram Sibvansyon Kapital Transpò Ayeryen AIR NY la, ki administre pa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT), sipòte pwojè ki ranfòse sekirite piblik la ak anplwaye, amelyore dirabilite ak rezistans sitèm transpò a, fè pèfòmans ak inovasyon avanse, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York. Pwojè ki te finanse nan pwogram sa anvan, genyen ladan yo konstriksyon nouvo etablisman sekirite ak kontwòl aksè, deplwaman nouvo sistèm siveyans meteyowolojik otomatize ak konstriksyon ak

reyabilitasyon nouvo anga ak anga ki egziste yo ak enstalasyon ravitayman avyon. An 2023, pwogram nan [te bay apeprè 49 milyon dola](#) pou amelyorasyon enfrastrikti estratejik nan 36 ayopò piblik atravè New York.

Pwogram Sibvansyon Kapital pou Transpò Ayeryen an ouvè pou ayopò itilizasyon piblik ki kalifye ki site nan [Plan 2018 Sistèm Ayopò Eta a](#). Aktivite pwojè ki elijib yo gen ladan pwojè sekirite, prezèvasyon pwojè, nouvo konstriksyon, ak lòt pwojè k'ap amelyore devlopman biznis ak konpetitivite ekonomik. Y ap chwazi pwojè yo gras ak yon pwosesis apèl d'of konpetitif epi y ap evalye yo dapre kritè ki byen etabli, tankou benefis ekonomik pou kominote ak antrepriz ozalantou yo, respè plan devlopman ekonomik rejyonal, ak amelyorasyon sekirite; efikasite operasyonèl ki amelyore; ak efikasite enèji ak rediksyon emisyon.

Depatman Transpò Eta New York la ap aksepte aplikasyon pou opòtinite finansman sa jiska 22 janvyè 2025. Ou ka jwenn enstriksyon sou pwogram nan ak aplikasyon [isit la](#).

Komisè Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ke investisman sa yo nan enfrastrikti transpò nou bay gwo ranman nan sa ki gen pou wè ak sekirite ki ranfòse, kwasans ekonomik ak kalite lavi ki amelyore pou kominote atravè eta New York. Lè nou bay opòtinite investisman sa yo, n ap asire ke kominote lokal nou yo kapab fè amelyorasyon ki enpòtan nan sekirite, sekirite ak rezistans ayopò yo pou yo ka sèvi kòm pasrèl modèn, k ap akeyi nouvo biznis ak opòtinite k ap ranfòse pwosperite ekonomik alontèm, an retou."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekkitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York. Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)